



Pou Piblikasyon Imedya: 06/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL EGZÒTE KONGRÈ A POU PRAN MEZI POU PWOTEJE SÈVIS AVÒTMAN YO

Gouvènè a mande anilasyon amandman Hyde la ak sipò federal pou ede fè resevwa pasyan ki soti andeyò Eta a

Egzòte Sena a pou adopte Lwa sou Pwoteksyon Sante Fanm yo.

Li lèt Gouvènè Hochul la [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te [pibliye yon lèt](#) jodi a ki egzòte Kongrè a pou pran mezi pou pwoteje sèvis avòtman yo ak aksè nan swen.

"Lè New York te legalize avòtman twa ane anvan *Roe v. Wade*, eta nou an te sèvi kòm yon refij sekirite pou sila yo ki t ap chèche avòtman, epi avèk Tribinal Siprèm nan k ap menase anile *Roe*, nou pare yon lòt fwa ankò pou nou resevwa sila yo ki nan bezwen", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen egzòte Kongrè a pou yo aji touswit pou pwoteje aksè nan avòtman atravè peyi a epi pou asire eta yo tankou New York gen sipò apwopriye pou resevwa pasyan sipleman tè ki pral bezwen èd nou. Mwen fyè pou m kontinye ansyen tradisyon New York pou li se avangad dwa egal ak sante repwodiktif. Eta New York se yon modèl pou aksè nan avòtman, youn ke eta yo nan peyi a ta dwe swiv. Kounye a li lè pou nou pran mezi desizif, odasye pou asire avòtman rete sekirite, legal ak aksesib pou tout sila yo ki bezwen li".

Lèt Gouvènè Hochul la fè swivi ak pwojè ki pran lari sou desizyon Tribinal Siprèm pral pran nan *Dobbs v. Jackson*.

Li tout tèks lèt la anba a:

Chè Lidè Schumer, Lidè McConnell, Pòt Pawòl Pelosi ak Lidè McCarthy,

Nan 2 me, yon pwojè ki pran lari sou desizyon Tribinal Siprèm nan *Dobbs v. Jackson Women's Health* te sibatman remèt an kesyon pwoteksyon dwa repwodiktif yo ke *Roe v. Wade* te etabli a peprè 50 ane de sa. Desizyon Tribinal Siprèm ki prevwa a pral retire pwoteksyon legal pou avòtman, refize dwa moun debaz fanm yo ak relege desizyon sou dwa pou avòtman ak sante repwodiktif nan eta yo.

New York te legalize avòtman an 1970 - twa ane anvan desizyon istorik *Roe v. Wade* la. Nan moman sa, New York te sèvi kòm yon refij sekirite pou fanm ki t ap chèche swen, avèk responsab sante ki estime ke plis pase 400,000 avòtman te fèt nan eta a nan de premye ane apre legalizasyon an, kote de tyè se te fanm ki te vwayaje soti andeyò eta a. Kounye a, si *Roe* a anile, nou ka prevwa omwen yon ogmantasyon 11 a 13 pousan nan pasyan ki andeyò eta a k ap vwayaje vin New York pou swen avòtman. Istwa pral repete.

Mwen fyè pou m kontinye ansyen tradisyon New York pou pwoteje dwa fanm ak sante repwodiktif epi mwen pare pou New York yon lòt fwa ankò sèvi kòm yon refij sekirite pou sila yo ki bezwen swen pou avòtman. Men, nou pa ka fè sa poukont nou. Mwen aplodi Chanm lan pou adopsyon Lwa sou Pwoteksyon Sante Fanm yo. Semèn k ap vini an, Sena a pral yon lòt fwa ankò reprann lejislasyon sa nan yon tantativ pou kodifye dwa avòtman ak pwoteksyon *Roe*. Mwen egzòte ou non sèlman pou adopte lejislasyon sa ak pou pwoteje aksè nan avòtman - jan nou te fè sa deja nan New York - men tou pou rezoud lòt obstak ki anpeche aksè nan swen sante repwodiktif.

Kongrè a dwe aji touswit pou pwoteje sèvis avòtman ak aksè nan swen nan peyi, pran mezi ki gen ladan men pa limite ak:

- **Kodifye *Roe v. Wade* pou tounen Lwa Federal:** San pwoteksyon yo bay nan kad *Roe*, avòtman pral vin pi difisil pou jwenn ak peye, ki fè mal yon fason ki pa pwopòsyonèl ak fanm koulè yo, moun k ap viv nan Sid ak Sant Lwès, moun ki gen revni ba yo, imigran ak lòt yo ki deja ap fè fas ak difikilte nan sante, ki gendwa pa kapab fasilman vwayaje nan refij sekirite tankou New York. Pandan New York rete angaje pou pwoteje dwa ak aksè nan avòtman, li pa akseptab ke sila yo ki bezwen swen pou avòtman nan lòt eta pral gen dwa yo ki refize. Jan sa mansyone anwo a, li pase lè pou nou adopte yon lwa nan tout peyi a, tankou Lwa sou Pwoteksyon Sante Fanm, pou konsakre dwa pou jwenn aksè nan sèvis pou avòtman.
- **Anile Amandman Hyde la:** Pandan plizyè deseni, Amandman Hyde la te anpeche fon federal yo itilize pou sèvis avòtman, sa gen ladan fon asirans sante ki sipòte Ameriken ki gen revni ba yo. New York fyè pou li se youn pami sèl 15 eta yo pou kouvri avòtman atravè lajan Medicaid eta a. Kongrè a dwe elimine Amandman Hyde la pou asire yo pa refize okenn moun aksè nan avòtman akòz revni oswa plan asirans sante.
- **Bay Sipò Federal pou Eta ki se Refij Sekirite yo:** Eta New York ap prepare pou akeyi sila yo ki soti andeyò eta a k ap chèche swen pou avòtman si *Roe v. Wade* anile, menm jan nou te fè sa nan plizyè ane anvan desizyon istorik la. Pou Eta New York byen mobilize epi kapab resevwa tout moun ki bezwen swen, nou bezwen gwo sipò federal la pou ranfòse rezo founisè nou ak resevwa nouvo pasyan sa yo. Apre aksyon pou anile Amandman Hyde la, Kongrè a dwe mete finansman federal disponib pou eta yo tankou New York ki prevwa resevwa yon kantite pasyan ki soti nan lòt eta.

- **Egzije Eta yo k ap Resevwa Fon Medicaid pou Swiv Direktiv FDA yo sou Medikaman pou Avòtman Medikal:** Ansanm ak anilasyon Amandman Hyde la, nenpòt eta k ap resevwa finansman Medicaid epi k ap patisipe nan pwogram rabè Medicaid sou medikaman ta dwe gen obligasyon pou otorize medikaman tankou mifepristone, yon medikaman FDA apwouve, pou yo preskri atravè telesante. Yon aksyon konsa ap anile eta yo ki gen limit sou preskripsyon mifepristone ki deja anplas ak ouvri yon nouvo kanal enpòtan pou sèvis nan avòtman ki sekirite ak legal.
- **Elaji Sèvis Telesante yo:** Telesante te parèt kòm yon zouti enpòtan pou sèvi rezidan ki gen aksè limite nan sistèm swen sante tradisyonèl akòz depans, lokal, osbta nan langaj oswa lòt rezon. Aksè nan telesante pou swen repwodiktif dwe koresponn ak lòt sèvis medikal kalifye. Fon federal yo dwe ogmante pou ede founisè sante repwodiktif nou yo atenn tout sila ki bezwen swen, sa gen ladan pasyan k ap chèche avòtman atravè telesante.
- **Asire Kapasite Sèvis Postal Etazini pou Voye Medikaman pou Avòtman bay Tout Eta yo:** Pandan anpil eta ap efòse yo pou fèmen wout pou sèvis avòtman sekirite yo anndan fwontyè yo, demann pou medikaman ki mennen nan avòtman atravè lapòs ak sèvis livrezon yo ap ogmante. Sèvis Lapòs Etazini se yon patnè esansyèl pou satisfè demann aktyèl la epi Kongrè a dwe finanse yon fason apwopriye sèvis lapòs pou asire pasyan yo kapab resevwa medikaman avòtman medikal yo preskri, kèlkeswa kòd postal yo.

Nan New York, ekip mwen an ak mwen menm ap travay san pran souf pou nou founi aksè nan swen sante bon kalite, aksesib - sa gen ladan sèvis pou avòtman yo. Anba lidèchip mwen, Depatman Sante Eta New York fini règleman ki aliye New York avèk estanda klinik yo pou founi yon eksperyans medikal sekirite pou pasyan yo, san okenn wont. Founisè New York yo kapab ofri sèvis telesante pou avòtman san obstak ki pa nesesè. Nou te konvoke yon Gwoup Travay sou Aksè nan Avòtman, ki reyini regilyèman avèk pasyan, founisè ak defansè yo pou gide règleman eta a ak reponn ak bezwen sou teren yo. Epi nan Bidjè Eta nou ki resamman adopte a, nou enskri nan lalwa yon egzijans pou plan sante yo kouvri sèvis avòtman san depans pataje.

Eta New York se yon modèl pou jan sèvis sante repwodiktif yo, sa gen ladan avòtman, kapab estriktire avèk yon konsantrasyon sou eksperyans ak bezwen moun reyèl, se pa diskou politik. Kounye a li lè pou nou pran mezi desizif, odasye pou asire avòtman rete sekirite, legal ak aksesib pou tout sila yo ki bezwen li.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)